

FÒMILÈ REKONESANS OPÒTINITE AK OBLIGASYON

OPÒTINITE OU YO

Ou genyen opòtinite pou:

- * Resevwa èd pou peye sèvis sipò yo (si yo apwouve yo) pou kapab jwenn travay, edikasyon, oswa lòt aktivite ki asiyen (yo), sof si ou pa kapab fè aranjman sa yo poukont ou. Pami sèvis sipò yo, genyen, men pa sèlman: gadri, transpò, zouti, rad, inifòm, elatriye. (Èd sa a baze sou aktivite ki asiyen an ak sou disponiblite finansman an.)
- * Mande yon sipèvizè ki nan Konsèy Mendèv Rejyonal pou li revize desizyon yo pran sou dosye ou.
- * Mande pou genyen yon odizyon si ou pa dakò avèk yon desizyon konsènan asistans lajan kach tanporè ou.
- * Jwenn eskiz oswa repwogram pou yon aktivite si ou genyen rezon valab. Se Konsèy Mendèv Rejyonal la ki detèmine si rezon an se yon rezon ki valab.
- * Fè Demand Benefis Asistans Lajan Kach Akòz Revokasyon ou nan travay.
- * Fè Demand asistans pou Amenajman.
- * Resevwa sèvis ki anba la yo, si ou kalifye pou yo:
 - Konsèy pou Sante Mantal
 - Konsèy pou Vyolans nan Kay/Sèvis ak/oswa
 - Konsèy/Sèvis pou Abi Estipefyan
- * Resevwa benefis tranzisyon, si ou kalifye, apre ou pa p resevwa asistans lajan kach tanporè, ki baze sou disponiblite finansman, tankou: - Gadri - Transpò - Edikasyon ak Fòmasyon
- * Resevwa Medicaid ak kupon pou achte manje dapre kondisyon kalifikasyon yo.

OBLIGASYON OU YO

Ou genyen obligasyon pou:

- * Patisipe aktivite pwogram ki asiyen yo epi, prezante yo nan dokiman ak konplete yo.
- * Bay repons pou tout kontak Konsèy Mendèv Rejyonal la oswa lòt ajans kote yo rekòmande ou yo.
- * Fè Konsèy Mendèv Rejyonal konnen chanjman yo nan patisipasyon ou, travay ou, sikonstans fanmi ou, tankou chanjman adrès, nimewo telefòn, bezwen pou gadri, pwoblèm transpò, pwoblèm sante, elatriye.
- * Aplike pou travay epi chèche travay.
- * Aksepte nenpòt òf rezonab travay ki apwopriye.
- * Rete nan travay. Ou dwe kontakte Konsèy Mendèv Rejyonal anvan ou diminye nan kantite èdtan ou travay oswa anvan ou kite travay la.
- * Rapòte imedyatman rezon valab ki lakòz ou pa patisipe.

KONSEKANS W AP JWENN SI OU PA PATISIPE

SANKSYON POU ASISTANS LAJAN KACH

- * 1^{ye} Sanksyon: Asistans Lajan Kach la sispann pou tout fanmi an pou yon minimòm 10 jou oswa jouk lè moun nan konfòme li, kèlkeswa sa ki fèt anvan.
- * 2^{yèm} Sanksyon: Asistans Lajan Kach la sispann pou tout fanmi an pou yon mwa oswa jouk lè moun ki pa t konfòme li fè sa, kèlkeswa sa ki fèt anvan.
- * 3^{yèm} Sanksyon: Asistans Lajan Kach la sispann pou tout fanmi an pou twa (3) mwa oswa jouk lè moun ki pa t konfòme li a fè sa, kèlkeswa sa ki fèt anvan.

REMAK: Yo kapab kontinye asistans lajan kach la sou yon sanksyon nivo de (2) oswa nivo twa (3) pou timoun ki poko genyen laj 16 zan jouk nan yon benefisyè pwotektè

SANKSYON POU KOUON POU MANJE

- * 1^{ye} Sanksyon: Pèt asistans kupon pou manje pou yon mwa oswa jouk lè ou konfòme ou, kèlkeswa sa ki fèt anvan.
- * 2^{yèm} Sanksyon: Pèt asistans kupon pou manje pou twa (3) mwa oswa jouk lè ou konfòme ou, kèlkeswa sa ki fèt anvan.
- * 3^{yèm} Sanksyon: Pèt asistans kupon pou manje pou sis (6) mwa oswa jouk lè ou konfòme ou, kèlkeswa sa ki fèt anvan.

REMAK: Si moun ki pa konfòme li se li ki alatèt kay la, y ap sispann asistans kupon pou manje pou tout gwoup asistans lan sof si moun nan satisfè yon dispans kupon pou manje.

Mwen te resevwa yon kopi epitou mwen te revize Opòtinite ak Obligasyon yo. Mwen rekonèt dwa ak responsablite mwen yo antan yon patisipan nan Pwogram Tranzisyon nan Asistans Sosyal.

Siyati Patisipan

Dat

Non Patisipan an Lèt Detache

Kat (4) Dènye Chif SSN

PWOTOKÒL LWA SOU KONFIDANSYALITE

* Mwen rekonèt ke mwen lalwa egzije bay nimewo sekirite sosyal mwen (yo) oswa dokiman ki pwouve mwen te aplike pou yon nimewo sekirite sosyal si mwen pa genyen youn kounye a resevwa benefis / sèvis TANF finanse . Sa a se obligatwa dapre Lwa Sekirite Sosyal (42 USC 1137) . Si mwen pa gen yon nimewo sekirite sosyal epi yo pa te aplike pou yon nimewo sekirite sosyal , mwen kapab mande èd pou ranpli yon aplikasyon. Se itilize Nimewo sekirite sosyal laadministre pwogram nan, tankou pou detèmine kalifikasyon, pou bay resi sèvis yo, pou korespondans ak patisipasyon nan dosye mwen , menm jan tou pou rapòte.

DEO-WTP 0008, Ka 2015 (Ranplase DEO-WTP 0008 Desann 2006)